TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 32

KURATIDZWA KWETSITSI DZAMWARI

Wati wambonzwa sekuti hapana munhu ane hanya newe here? Shamwari nemhuri ndipo pavanonyanya kukosha panguva dzakadai. Vamwe vanhu havazivi kwekuenda panguva dzavanenge vachinzwa kusurukirwa. Ini rega ndikukurudzire kuti utendeukire kuna Mwari wechokwadi. Mwari vanoda kukuratidza kuti variko zvechokwadi. Ini ndinoziva kuti Mwari variko zvechokwadi.

Tinogona kufunga kuti Mwari vakaoma uye vane hutsinye nechikonzero chekuti vanotonga chivi. Asi ngatirangarirei kuti Mwari vatsvene saka havagoni kutarisa chivi. Asi ndiMwariwo vane tsitsi. Tsitsi dzaMwari dzakaratidzwa kuna Noah. Muna Genesi 8:1-5 tsitsi dzaMwari dzinonyatsoratidzwa.

1. *Asi Mwari akarangarira Noa nemhuka dzose dzesango nezvipfuwo zvakanga zvinaye muareka, uye akatuma mhepo pamusoro penyika, uye mvura zhinji ikaserera.*
2. *Zvino zvitubu zvepakadzika uye masuo amafashamu okudenga zvakanga zvazarirwa uye mvura yakanga yaguma kunaya kubva kudenga.*
3. *Mvura yakaserera zvishoma nezvishoma kubva panyika. Pakupera kwamazuva zana namakumi mashanu mvura yakanga yadzika,*

4. *Uye pazuva regumi namanomwe romwedzi wechinomwe, areka yakagara pamakomo eArarati.*
5. *Mvura yakaramba ichiserera kusvikira pamwedzi wegumi, uye pazuva rokutanga romwedzi wegumi misoro yamakomo yakatanga kuonekwa. Mumashoko aya ndinoona ZVINYORWA zvina zvinotibatsira kunzwisisa tsitsi dzaMwari.*

Ndima yekutanga inoti Noa akarangarirwa. Ruponeso rwaNoa muareka. Kuponeswa kwake muareka kwaive chiratidzo chekuti Mwari vane hanya. Rangarira kuti Mwari vakati kuna Noa, “Huya muAreka.” Ndokubva Noa aenda muareka. Zvaidiwa zvose zvakange zviripo kuitira kuti agorarama. Noa akachengetedzwa kubva kumvura. Akachengetedzwa kubva kumhirizhonga yese yaikonzerwa nemvura yaibva pakadzika dzika penyika. Noa aive nezvekudya zvake nezvemhuka dzese dzaaive nadzo. Mwari vakamuitira nyasha dzakawanda! Asi zvino pane chinotaira chakange chave kuonekwa. Vakange vakagara muareka kwemazuva 150 zvinoreva paive neshanduko yaizodikanwa. Mwari vakange vatori nehurongwa hwavo hwavakange vagadzirira nechekare. Hongu Mwari vakarangira Noa. Dzimwe nguva unogona kufunga kuti Mwari vakukanganwa asi chokwadi ndechekuti Mwari vane hanya nezvatinoda zvese mazuva ese. Mwari vakasika nyika kuti tiwane zvatinoda mairi. Dzimwe nguva kushaya kwedu kunokonzerwa nekukara kwemumwe munhu kana kui kusaita kwedu zvinhu zvatinofanira kuita - asi chinhu chakakosha kuona kuti Mwari vanotipa zvatinoda zvakawandisa. Mwari Havana kutikanganwa. Mwari Havana kukukanganwa.

Mvura yakamiswa kunaya. Izvi unozviona mundima yechipiri inoti, *“uye mvura yakanga yaguma kunaya kubva kudenga”*. Kwakanga kusina kumbobvira kwakanaya mvura yakawanda kudai. Kwete. Kwakaita mazuva 40 mvura ichinaya

masikati nemanheru. Zvitubu zvepasi zvakadzutuka uye mafafitera ekudenga akavhurwa. Mvura yemuchadenga yakaita kudururwa. Asi tinoudzwa kuti mushure meizvi Mwari vakaita kuti mhepo ipfuure nepamusoro penyika ndokubva yamisa zvitubu zvaibva pasi nemafafitera akamiswa - saka mvura yakamiswa.

Dzimwe nguva tinofunga kuti mamiriro ekunze haasi ekutevedzera. Imwe nguva zuva rinenge rakacheka nyika asi dzimwe nguva kunenge kuchinaya. Hongu ndinoziva kuti kune dzimwe nyika kune nguva inonzi chirimo. Nguva yechirimo denga rinenge rakachena kusina kana makore. Hongu izvozvo ndakazvionawo. Asi chimbofunga pamusoro pedenga riya risina kana makore rochizokwidibirwa nemakore kwemazuva makumi mana kana kuti 40. Makore iwaya ndiwo akazoparara pakaita shanduko. Zvinhu zvakadzokera pazvaigara zviri mazuva ese. Pakadzika paibva mvura pakavharwa. Mvura dzaibva muzvitubu dzakamiswa. Mafafitera ekudenga akavharwa. Saka Mwari vakapindira kuti zvinhu zvirongeke zvakare nekudzikama. NdiMwari wenyashaka uyu!

Ndima yechitatu inotitaurira kuti Mvura Yakaserera. Ndima iyi inoti; *"Mvura yakaserera zvishoma nezvishoma kubva panyika."* Mvura yakaserera. Muchitsauko chekutanga chaGenesi Mwari vakaunza mvura pamwechete pane imwe nzvimbo. Mwari vakaraira kuti mvura iyi iungane ikaungana. Hongu, iye zvino nekuda kwekupisa mvura ichikwira kudenga, imwe mvura yakabva panyika kuti izonaya zvichienderana nemwaka yekunaya kwemvura. Saka mvura yakaserera ikanoungana mumakungwa. Pakaita kudzokororwa kwezvakaitika pakasikwa kwenyika musvondo rekusikwa kwezvinhu. Mvura yakanzi ngaiungane munzvimbo imwechete. Mafashamo aya akange ariko kwemazuva 150. Zvakaoma kufunga

pamusoro peruzha rwemvura ichingoerera. Kuramba uchingonzwa kushinyira mvura ichirovera pangarava yakareba 150 meters. Hongu Mwari vakaisa miganhu yemvura panzvimbo dzayo vakadzosera mvura iyi panzvimbo yavaive vakafara kuti ndiyo ichagara mvura.

Areka yakagara pamakomo eArarati ndizvo zvakataurwa mundima yechina. *"Uye pazuva regumi namanomwe romwedzi wechinomwe, areka yakagara pamakomo eArarati!"* Nguva chaiyo chaiyo yakataurwa. Hanzi mumwedzi wechinomwe. Areka ndinofunga kuti yaingofamba zvayo pamusoro pemvura. Zvakatanga pamwedzi wechipiri, hongu pazuva rechi17. Saka kwemwedzi mishanu Areka yaingofamba zvayo pamusoro pemvura.

Zvinonakidza kumbonyatsofunga mumusoro mako pamusoro pechinhu ichi. Ngarava iyi yakanga isina chinonangisa kwainofanira kuenda Yaingoenda kwaienda mvura. Yakange isina mazichira aya ari pazvikepe zvakazotevera kugadzirwa nevanhu - mazichira anobatsira pakufamba kwechikepe. Areka yaingotevera tsitsi dzaMwari. Hongu Mwari vaive netsitsi. Nguva chaiyo chaiyo yakataurwa – hanzi mwedzi wechinomwe. Nzvimbo chaiyo chaiyo yakataurwawo - hanzi pamakomo eArarati.

Makomo eArarati ari munyika yeTurkey. Gomo repamakomo aya rakanyanyisa kureba rakareba 5165 meters. Variko vamwe vandinoziva vanotenda kuti Areka iyi ichiri pamusoro pegomo reArarati. Umwe weavo vanotenda izvi akazvarwa kuArmenia akataura kuti "vaitombotaura pamusoro pechiitiko ichochi." Uye vamwe vanogara munzvimbo iyi vanoziva pamusoro pengano idzi.

Vamwe vanhu vari kuedza kutsvaga vane tariro yekuwana areka yaNoa pagomo paikazorora. Dr. Henry Morris vanova mazvikokota munyaya dzeScience uye murume uyu ane zvakawanda zvakaita munyaya dzeScience - anotaura zvakasimba kuti pasi rino rese rakambozara nemafashamo emvura. Iyewo anotenda kuti Areka yaNoa iripo pagomo reArarati.

Sekurangarirwa kwakaitwa Noa naMwari vakamuchengetedza nekumupa hupenyu hutsva, Mwari vachakuitirawo izvozvo kana ukavimba navo.